



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 18/5/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO LEJISLASYON POU MODÈNIZE LWA SOU KONTWÒL BWASON ALKÒL

Nouvo lwa ta revize lwa Blue Eta, konsolide lisans ak fasilite egzijans règlemantasyon pou etablisman diven, brasri, distilri ak sidri yo nan NYS

Gouvènè Cuomo koupe riban nan brasri Three Heads nan Rochester, nouvo destinasyon byè atizanal rejyon an

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke lap avanse lejislasyon pou modènize lwa sou kontwòl bwason alkòl nan New York ki genyen 80-ane. Lejislasyon an se yon rezilta dirèk nan lwa Gwoup Travay la sou Kontwòl Bwason Alkòl, Gouvènè Cuomo te kreye yon komite riban ble nan novanm 2015 ki gen responsabilite pou devlope rekòmandasyon pou modènize lwa yo ki gouvènè manifakti, bwason alkòl angwo ak andetay nan Eta New York. Gouvènè Cuomo te anonse chanjman nan yon seremoni koupe riban nan Brasri Three Heads nan Rochester– nouvo destinasyon byè atizanal rejyon an.

“Investisman New York nan endistri bwason atizanal la te kondwi nan kwasans, kreye plizyè santèn djòb ak deklanche yon nouvo optimis ak enèji pami etablisman diven, brasri, distilri ak sidr toupato nan eta,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo lejislasyon sa ap chita sou pwogrè sa nan modènize lwa Blue eta, koupe nan fòmaliite administratif ak retire obstak atifisyèl pou kwasans. Gran ouvèti Brasri Three Head se yon temwayaj de siksè kontinyèl nou, e map rete tann pou m travay ansanm pou kenbe elan delavan nan ane kap vini yo.”

Nouvo lwa chita sou pwogrè ke Gouvènè a te fè pandan senkan ki sot pase yo, enkli adopte Lwa sou Atizana New York, pou redwi kontrent egzijans sou pwodiktè yo epi fasilite restriksyon osijè komèsyalizasyon pwodui atizanal yo. Depi 2011, eta te enplemannte yon kantite refòm enpòtan ak elaji pwogram pou devlope endistri bwason atizanal la, enkli kreye nouvo lisans manifakti ki baze sou fèm, lanse yon kanpay pwomosyonèl \$60 milyon nan tout eta epi òganize somè sou byè, diven ak bwason toupato nan eta.

Yo ka obsève siksè investisman New York nan endistri bwason atizanal nan Finger Lakes pou rive nan Capital Region, avèk yon kantite mikwo-brasri nan New York kap ogmante 248 pousan depi 2010. Gran ouvèti brasri Three Heads nan Rochester, NY, se plis prèv nan kwasans sa – avèk brasri a ke yo prevwa pou kòmanse fonksyone semèn

pwochen epi anboche 15 nouvo anplwaye anplis. Pwojè \$4 milyon an gen ladan yon espas 15,000 pye kare pou brasri, yon fèmantasyon 30-barik pou pèmèt Brasri Three Heads ofri diferan byè sezonye chak twa semèn nan sal degistasyon 2,100 pye kare a.

Nouvo lwa Gouvènè a ap asire ke endistri bwason atizanal nan New York kontinye pwospere nan modènize Lwa Blue eta, konsolide lisans epi redwi frè lisans pou etablisman diven, brasri, distilri ak sidri yo nan tout eta. Lejislasyon an ta modifye lwa ABC pou enkli sa ki annaprè a:

- **Agrandi Lavant Dimanch:** Lwa sou Kontwòl Bwason Alkòl gen ladan dispozisyon ki entèdi strikteman lavant bwason nan yon lokal etablisman (restoran, ba, kafe) anvan midi nan dimanch. Lejislasyon Gouvènè a ta kreye yon pèmi pou pèmèt lisans sa yo sèvi ant lè 8 am ak midi nan dimanch.
- **Modènize Pwosesis Lisans:** Lwa ABC a gen ladan dispozisyon, ke yo konnen tankou “Lwa Dezan Pye,” entèdi lisans konplè likè nan lokal ki a desan pye de yon bilding ke yo itilize eksklizivman kòm yon lekòl oswa yon anplasman pou adore. Te gen anpil egzanp kote minisipalite lokal yo, lekòl oswa legliz pat opoze, e nan anpil ka ki sipòte, apwobasyon yon aplikasyon sèlman pou wè yo refize biznis yo akòz Lwa desan pye a. Lwa te premye adopte nan ane 1892 e li gen ladan dispozisyon lè li te adopte nan ane 1934, e li entèdi strikteman SLA pou l bay yon lisans a yon etablisman ki nan vwazinaj sa. Lwa Gouvènè a ta bay SLA diskresyon pou konsidere aplikasyon lisans pou restoran ki tonbe nan lwa desan pye a, te founi minisipalite lokal la, anplis de lekòl oswa legliz, jan yo bay avi preyalab ak yon opòtinite pou yo tandè sou aplikasyon an.
- **Redwi dokiman pou Fabrikan Atizanal yo:** Nan somè 2012 Diven, Byè ak Bwason, Gouvènè Cuomo te mete fen nan règleman State Liquor Authority ki entèdi plizyè lisans manifakti nan menm lokasyon rekonèt fado siplemantè sa te mete, pa egzanp sou ti brasri yo ki te vle fè wiski tou - tankou konstwiksyon yon bilding apa okonplè. Toutfwa, biznis yo ki gen plizyè lisans dwe toujou kontinye depoze papyè yo epi renouvle pou chak lisans separe. Lwa Gouvènè a ta konbine lisans manifakti atizanal nan yonsèl aplikasyon pou redwi dokiman obligatwa pou ti biznis sa yo.
- **Otorize lavant andeyò lokal diven nan resipyan yo:** Lwa aktyèl la egzije ke yo kenbe konsomasyon lavant diven andetay andeyò lokal yo fèt nan anbalaj orijinal yo epi sele, e pa konsekan, etablisman diven yo entèdi pou yo ranpli resipyan yo. Entèdiksyon sa mete fado initil sou etablisman diven yo ki kapab ouvè yon resipyan pou vann diven pou konsomasyon sou plas, oswa ka vann pou konsomasyon andeyò lokal, men ki pa ka ranpli yon resipyan pou l soti andeyò etablisman diven an. Lejislasyon Gouvènè a ta adopte yon chanjman bon sans nan lwa pou pèmèt etablisman fèm diven yo ranpli resipyan kliyan yo. Anplis, lejislasyon Gouvènè a ta otorize etablisman fèm diven pou pèmèt kliyan pote lakay yo boutèy diven ki preske fini.
- **Redwi frè pou vandè Bwason Atizanal:** Lwa ABC aktyèlman egzije ke nenpòt vandè oswa demandè ke yon manifakti anplwaye oswa yon gwosis dwe jwenn pèmi yon demandè anplis de yon kosyon. Rekonèt difikilte finansye ke frè anplis

initil sa yo enpoze, lejislasyon Gouvènè a ta redwi frè pou pèmi yon demandè epi elimine obligasyon kosyon an.

- **Redwi frè pou Ti Gwosis yo:** Aktivite prensipal pifò gwosis bwason alkòl yo se vann pwodui yo a detayan ki gen lisans yo, tankou ba, restoran ak boutik likè. Toutfwa, gen aktyèlman ti gwosis nan New York ki vann yon kantite limite mak ke yo enpòte dirèkteman nan men gwo gwosis yo pou yo distribye bay detayan yo. Anba lwa aktyèl la, ti gwosis sa yo dwe peye menm kantite lajan pou lisans yo menm jan avèk gwo tokay yo, e frè a klase apati \$1460 dola pou yon lisans byè yon lane pou rive a \$27,280 pou yon lisans gwosis likè twazan. Chaj finansye sa souvan mande pou ti biznis yo fè yon chwa ant kontinye kenbe yon lisans gwosis New York oswa pou relocalize biznis yo andeyò New York. Lejislasyon Gouvènè a ta modifiye Lwa ABC a pou kreye yon “lisans enpòtatè” a pri redwi ki ta disponib pou gwosis yo kap vann sèlman a lòt gwosis yo.

Lè nou alimante opòtinite pou ti biznis yo nan eta, lejislasyon sa ap asire ke pwodiktyèl bwason eta kontinye eksele nan ane kap vini yo. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York kounye a se kay prèske 900 antrepriz pwodiksyon diven, brasri, distilri ak sidri. Kantite pwodiktyèl bwason atizanal nan New York te plis pase double apati 2011. Depi 2015, yo te bay 177 nouvo lisans manifakti, enkli kenx nouvo lisans sidr, karant-de distilri, vent-nèf nouvo lisans diven ak katreven-onz nouvo lisans brasri. Pwodiktè yo konte pou plis pase \$27 milya dola nan revni total chak ane nan eta a, epi yo sipòte plizyèl dizèn milye djòb nan eta a.

New York State Liquor Authority Chairman Vincent Bradley te deklare, “Lejislasyon sa a se yon lòt egzanp sou efò kontinyèl Gouvènè a pou fè Eta vin yon pi bon kote pou fè biznis nan mete ansanm endistri a ansanm avèk lidè yo nan eta pou diskite ak lè epi delvope solisyon. Lejislasyon Gouvènè a ap avanse a pral fè chanjman bon sans pou modènize lwa sou likè nan eta, kidonk biznis sa yo ka kontinye kreye travay, jenere nouvo devlopman ekonomik ak kondwi touris toupatou nan New York.”

Komisyone Agrikilti ak Mache Eta New York Richard A. Ball te deklare, “Grasa angajman Gouvènè Cuomo, nap re-imagine fason endistri bwason New York la fè biznis. Lè nou revize Lwa Blue ki demode a, lejislasyon sa pral rann li pi fasil pou brasri, fèm diven ak sidr yo vann pwodui yo, kreye travay ak alimante kwasans ekonomik toupatou nan eta. Jodia nap pote yon endistri ki deja nan nivo mondyal nan yon lòt nivo, e mwen pa ka tann pou m wè siksè l nan ane kap vini yo.”

Majistra Vil Rochester Lovely Warren te deklare, “Renesans Rochester nan plen elan e li kondwi an gran pati pa kapasite pou kreye travay nan gwosè mwayèn ak piti ak antreprenè yo. Gouvènè Cuomo ansanm avèk delegasyon lokal eta nou an te gwo kolaboratè nan ede nou rann li pi fasil pou kreyatè travay yo reyisi nan Rochester ansanm avèk zòn awwazinan yo. Brasri Three Heads se yon temwayaj sou rezistans Rochester e kwasans kontinyèl yo ap ede navige avni nou, non sèlman pou fanmi yo ki konte sou pewòl yo, emn pou tout founisè ak vandè ke anplwaye yo pral benefisye egalman de yon chèk pewòl nan kad siksè ankou Three Heads. Reyalize objektif nou

pou kreye plis travay, katye ki pi dinamik ak ansekirite ak pi bon rezilta edikasyon pou tout timoun nou yo pral gen siksè baze dirèkteman sou siksè Brasri Three Heads ansanm avèk travay tankou yo toupatou nan vil nou an.”

Dan Nothnagle, PDG Brasri Three Heads, te deklare, “Nou menm antanke brasè aplodi aksyon Gouvènè Cuomo ansanm avèk administrasyon li a. Lejislasyon li a te rann li pi fasil pou nou fè biznis nan Eta New York e li te stimile kwasans endistri brasri a. Lefèt ke nou nan pwosesis pou ouvè yon brasri 20,000 pye kare nou gen yon gwo dèt rekonesans pou inisyativ sa yo, e map rete tann pou n reprezante Rochester ak Eta New York nan nivo brasri nasyonal.”

Paul Leone, Direktè Egzekitif Asosyasyon Brasri Eta New York, te deklare, “Nou aplodi angajman Gouvènè Cuomo pou bati yon klima biznis ki pi solid pou endistri bwason an toupatou nan Eta New York. Lejislasyon sa ap retire lwa demode epi mete anplas refòm ki nesèsè ki pral benefisyè endistri a, ansanm avèk plizyè milye anplwaye ki depann sou li. Mwen kontan paske mwen wè rekòmandasyon sa yo ki date depi lontan vini lwa e mwen gen konfyans aksyon jodia pral ouvè pòt pou plis opòtinite biznis pou brasè yo toupatou nan eta.”

Akselere Finger Lakes delavan

Anons jodia konplete “Elan Finger Lakes,” anprent konpreyansif rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Eta a deja investi plis pase \$3.4 milya nan rejyon an depi 2012 pou sipòte plan li – investi nan endistri enpòtan ki gen ladann fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Jodia, chomaj desann nan nivo ki pi ba depi anvan Gran Resesyon an; enpo sou revni pèsònèl ak antrepriz desann; epi biznis yo ap chwazi kote tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou yo grandi ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Delavan avèk yon investisman Eta \$500 milyon atravè Inisyativ Revitalizasyon Upstate la, Gouvènè Cuomo te anonse an Desann 2015. Investisman \$500 milyon Eta a pral ankouraje biznis prive pou yo investi plis pase \$2.5 milya – e plan rejyon an, jan yo te soumèt li, prevwa jiska 8.200 nouvo djòb. Plis enfòmasyon disponib [la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418